

Òganizasyon Fanmi Lavalas

Fasilitasyon

Vanse nan kontinye mete kanpe
Remete ann eta pou fonksyone

Fasilitasyon pou Kontinye Vanse e Fonksyone

Nan dat 29 fevriye 2004, grann majorite Pèp Ayisyen, viktim anba youn nan krim ki pi efreyan nan tout listwa peyi d'Ayiti : vyolans zam koudeta fose Prezidan Jean-Bertrand Aristide bandonnen pouvwa a, epi kondil an egzil. Moun ki monte koudeta te vle disparèt Òganizasyon Fanmi Lavalas. Tankou yon machin san fren, machin lanfè koudeta a frape janl pito e san vire gade dèyè, ni Reprezantan Nasyonal la, ni latrize dirijan, kad, baz ansanm ak senpatizan Fanmi Lavalas. Machin lanmò sa a, bwote nou ann ekzil, pouse nou nan mawon, trennen nou nan prizon, sansinen nou pa bann e pa pakèt.

Pèsekisyon sa yo frape Fanmi Lavalas diran tout peryòd 2 zan gouvènman defakto a, e menm aprè. Grasa rezistans baz yo, Fanmi Lavalas rive rete anvi, malgre laterè machin koudeta a ; kwak machin nan sakaje anpil chapant Òganizasyon Fanmi Lavalas.

Nan lokazyon eleksyon 7 fevriye 2006 la, majorite Pèp lavalas la montre aklè yon lòt fwa ankò, li toujou rete yon fòs politik pesonn paka neglije. San Fanmi Lavalas, eleksyon 7 fevriye 2006 yo, yo t ap manke lijitim, sitou eleksyon pou Prezidan an.

Sa fè plis pase yon lane, Òganizasyon Fanmi Lavalas, ki se zouti politik Majorite Pèp la, Òganizasyon an ap rapousib konstriksyon e ranfòsman baz li ak chapant li. Travay konstriksyon ak ranfòsman sa a, se pou pèmèt Fanmi Lavalas remete kanpe tout Kowòdinasyon Pwovizwa yo, ansanm ak yon Kowòdinasyon Nasyonal Pwovizwa.

Se vre pou kounye a, Òganizasyon Fanmi Lavalas pankò rive remete sou pye, annatandan, yon ekip nasyonal reskonsab kòm sadwa, osnon lejitim. Nou konstate an menm tan, gen moun nan Fanmi Lavalas, ki chwazi rele pwòp tèt yo chèf, ansanm ak sèten kandida ki ap simaye la twoublay ak tansyon nan mitan Fanmi Lavalas.

Tandans latwoublay ak tansyon sa a, riske eklate nan nannan Òganizasyon Fanmi Lavalas. Pou evite katastwòf sa a, yon bon valè òganizatè, kad, reprezantan baz Fanmi Lavalas, yo fè tèt ansanm pou ride bloke menas sa a. Se tèt ansanm sa a ki mennen egzistans Gwoup Fasilitasyon k ap travay depi plis pase yon lane. Annatandan Kowòdinasyon Nasyonal Pwovizwa a tabli, Gwoup Fasilitasyon an ofri yon espas pou rankont, ak dyalòg, yon fason pou fè vanse nan lòd, travay sa a yo :

Fè sonje ekzistans tout dokiman sa a yo : **Manman Lwa, regleman, dokiman kongrè.**

Toujou mete annavan, prensip sa a yo: **patisipasyon, transparans, dyalòg ak respè youn pou lòt.**

Mete kanpe nan tètansanm yon **Ekip Reskonsab pou Kondi annatadan Zafè Òganizasyon Fanmi Lavalas.**

Mete kanpe tout **Kowòdinasyon** yo, sou yon baz **Pwovizwa**

Se nan eseye sènen tout keksyon sa a yo, **Gwoup Fasilitasyon** an, prepare e fè sikile kèk dokiman pou ede travay la mache kòm sadwa. Grasa dokiman sa a yo, aktivite sou tèren an vanse nan lòd, e kèk lòt pwojè rive egzekite.

Tout moun Fanmi Lavalas toujou envite pou patisipe nan jefò tèt ansanm sa a, Malerezman pwazon konfizyon ak tansyon an pèsiste.

Nan menm peryòd sa a, yon latriye pwoblèm tanmen monte youn sou lòt nan peyi a. majorite pwoblèm sa yo egzije solisyon prese prese. Kòm Fanmi Lavalas nan mitan Pèp la, pwoblèm sa a yo, yo se an menm tan pwoblèm Fanmi Lavalas.

Ki donk, nan sitirasyon sa a, **Gwoup Fasilitasyon** an bay lide pou mete kanpe nan **Tètansanm you Ekip Reskonsab pou Kondi annatandan Zafè Òganizasyon Fanmi lavalas**. Nan tout depatman yo, majorite òganizatè ak reprezantan baz fè tèt kole, epi Komisyon Espesyal la fèt.

Moun ki nan Ekip Reskonsab la :

Anndan Ekip Responsab la, gen Reprezantan : 10 Depatman yo, Selil Nasyonal Baz Fanmi Lavalas, Gwoup Sen Jan Bosko yo, Gwoup Inisiyativ popilè, Palmantè manm Fanmi Lavalas, Gwoup Fasilitasyon ak moun Reprezantan Nasyonal la deja chwazi.

9 Oktob 2008.

Organisation Fanmi Lavalas

FACILITATION

Suivi du processus de construction

Remise en état de fonctionnement

Préambule

Le 29 février 2004, la Nation haïtienne, dans sa grande majorité, a été victime d'une des plus terrifiantes forfaitures politiques de son histoire. Le Président Jean-Bertrand Aristide est contraint de force d'abandonner le pouvoir et est conduit en exil, manu militari. L'un des objectifs déclarés des architectes du coup d'état était la destruction de l'**Organisation Fanmi Lavalas**. C'est en ce sens que ce coup d'état a frappé de diverses manières et sans aucune retenue, le **Représentant National** de Fanmi Lavalas et un grand nombre de ses **dirigeants, cadres, militants de base** et **partisans** : exil, chasse à l'homme, emprisonnement, assassinat etc.

Ces persécutions ont duré toute la période et même au-delà des deux ans du Gouvernement de facto issu du coup d'état. Grâce à la résistance de ses militants de base, l'**Organisation Fanmi Lavalas** a survécu à cette terreur mais, ses structures en sont sorties fortement saccagées.

A l'occasion des élections du 7 février 2006, la Majorité Lavalas a une fois de plus donné la preuve qu'elle reste encore une force politique incontournable. Elle s'est révélée le moteur de légitimité de ces élections, en particulier celle du chef de l'Etat.

Contexte

Depuis plus d'une année, l'**Organisation Fanmi Lavalas** a repris le processus de sa construction et de sa consolidation comme instrument politique de la Majorité. Ce processus vise à remettre en état toutes les structures de l'Organisation y comprise une **Coordination Nationale Provisoire**.

Il est un fait que pour le moment, l'**Organisation Fanmi Lavalas** n'a aucune instance nationale statutaire ou légitime. Il est aussi indéniable qu'au sein de Fanmi Lavalas, des chefs autoproclamés et des aspirants candidats aux éventuelles élections sénatoriales partielles alimentent confusion et tensions.

Soucieux de la protection de l'existence de l'**Organisation Fanmi Lavalas** et inquiet des dérives dangereuses qui risquent de conduire à son implosion, un ensemble de membres concernés, notamment organisateurs, cadres, représentants de groupe de base s'est constitué en une entité dénommée **Groupe de Facilitation**.

Organisation Fanmi Lavalas ...

Ce **Groupe** s'est donné pour tâche d'encourager et d'offrir un cadre de rencontres et d'échanges pour l'avancement ordonné des travaux suivants de Fanmi Lavalas, en attendant l'établissement de la **Coordination Nationale Provisoire** :

Rappel constant de l'existence de la **Charte, des documents de Congrès et des règlements**,
Promotion des principes de **participation, transparence, dialogue et respect mutuel**,
Formation d'une **Commission Spéciale de Consensus pour la Gestion des Urgences de l'Organisation Fanmi Lavalas**.

Mise en place de toutes les **Coordinations** sur une base provisoire, de ce cadre, sont sortis des documents de travail, des textes d'orientation etc. qui ont effectivement contribué non seulement au progrès ordonné des travaux sur le terrain, mais aussi au succès d'autres activités connexes de Fanmi Lavalas.

Entre temps et en dépit des invitations à l'harmonie lancées sans relâche par le **Groupe de Facilitation**, le comportement égocentrique des chefs autoproclamés et des aspirants candidats persiste à nourrir confusion et tensions qui risquent non seulement de ralentir mais aussi de bloquer les progrès réalisés dans le travail de remise en état de fonctionnement normal de l'**Organisation Fanmi Lavalas**.

D'autre part et en même temps, des urgences nationales affectant Fanmi Lavalas ne cessent de se multiplier. Tout en tenant compte de ses difficultés internes et des objectifs nationaux et fondamentaux inscrits dans sa Charte, l'**Organisation Fanmi Lavalas** ne saurait rester indifférente à ces urgences nationales qui concernent la vie quotidienne de la majorité du Peuple et surtout celle des plus pauvres.